



Pou Piblikasyon Imedya: 11/2/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$67.5 MILYON POU SIPÓTE MOUN KAP PRAN SWEM MOUN KI GEN MALADI AZAYMÈ ANSANM AVÈK LÒT DEMANS YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$67.5 milyon te atribye a nèf òganizasyon nan eta pou devlopman pwogram ki sipòte manm fanmi kap pran swen preske 380,000 Nouyòkè kap viv avèk maladi Azaymè ansanm avèk lòt demans yo. Prim yo fè pati nan inisyativ sipò moun kap pran swen malad Azaymè Gouvènè Andrew M. Cuomo, sa ki te anonse byen bonè ane sa nan kad Bidjè Egzekitif 2015-16 la.

“Maladi Azaymè afekte plizyè milye Nouyòkè chak ane e li pran yon gwo dezavantaj sou alafwa pasyan ak moun kap bay swen yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.**

“Investisman sa ap bay yon laj varyete sipò ak sèvis soulajman pou moun kap pran swen moun ki gen maladi Azaymè ansanm avèk lòt maladi menm jan.”

Inisyativ Sipò Moun kap bay swen Azaymè Gouvènè a chèche pou soulaje fado emosyonèl ak finansye ki tonbe initilman sou do Nouyòkè yo kap pran swen fanmi yo kap viv avèk Azaymè. Gen yon total 1 milyon nan moun enfòmèl sa yo kap bay swen nan Eta New York ki bay 1.1 milya èdtan swen ki pa peye.

Benefisyè prim yo ap resevwa \$7.5 milyon sou yon peryòd senkan pou devlope pwogram kap sipòte moun enfòmèl kap bay swen yo grasa apwòch ki baze sou evidans tankou konsiltasyon swen, reosus edikasyon, gwoup sipò, ak sèvis soulajman. Evidans ki pase montre ke sèvis sa yo enpòtan pou diminye estrès ak risk sante moun kap bay swen yo, pandan lap amelyore kalite lavi pou pasyan ki gen azaymè yo.

Nèf òganizasyon kap resevwa prim yo se:

- Alzheimer's Disease ak Related Disorders Association, Hudson Valley/Rockland/Westchester, NY Chapter
- Research Foundation pou SUNY Plattsburgh
- Catholic Charities of Buffalo
- Lifespan of Greater Rochester, Inc.
- Northeast Health Foundation, Inc.
- Parker Jewish Institute for Health Care and Rehabilitation
- Sunnyside Community Services, Inc.

- New York University School of Medicine
- Presbyterian Senior Services, Inc.

**Prezidan Komite Moun ki aje nan Eta New York Sue Serino te deklare,** “Moun kap bay swen yo jwe yon wòl enpòtan nan ede granmoun nou yo viv avèk diyite. Sila yo kap pran swen fanmi ak zanmi yo ke lavi yo te chanje pou toutan pa Azaymè ak demans ap fè fas a yon seri defi inik enkwayab. Mwen remèsye Gouvènè a paske li te rekonèt bezwen pou bay sipò enpòtan sa a e mwen remèsye tout moun kap bay swen yo nan Eta nou an pou tout sa yo fè pou ede granmoun nou yo kenbe kalite lavi yo.”

**Manm ki la lontan nan Komite pou Moun ki Aje Sena Eta New York Rev. Ruben Diaz te deklare,** “Antanke yon manm ki la lontan nan Komite Sena sou moun ki aje yo, mwen sipòte anpil efò pou elimine maladi azaymè grasa avansman rechèch pou redwi risk demans. Mwen rete angaje pou defann resous ki nesèsè pou moun yo ki dyagnostike avèk pèt memwa, ansanm avèk manm fanmi yo ansanm avèk moun kap bay swen yo.”

**Prezidan Komite Asanble Eta New York sou moun ki Aje Steven Cymbrowitz te deklare,** “Okipe bezwen yon pwòch ki gen maladi Azaymè oswa nenpòt lòt fòm demans se souvan yon travay sèt jou pa semèn, 24èdtan pa jou, kap ogmante sou sante ak byennèt mon kap bay swen yo, e san sipò adekwat manm fanmi, yo pa ka posibelman bay nivo swen ki nesèsè pou paran yo. Finansman sa ap ede òganizasyon yo kap asiste moun kap bay swen yo pou reponn a bezwen popilasyon sa kap grandi rapidman.”

**Komisyonè Sante Eta New York Dr. Howard Zucker te deklare,** “Moun kap bay swen yo souvan devwe yon kantite tan enkalkilab, enèji ak resous nan travay pou bay pwòch yo swen. Anpil fwa, yo fizikman ak emosyonèlman fatige, epi afekte finansyèman pa responsabilite yo. Fon sa yo ap ede òganizasyon sa yo jwenn fason pou devlope strateji ki baze sou evidans ki sipòte moun kap bay swen yo nan eta nou an, enkli sila yo kap bay swen a distans.”

Maladi Azaymè se fòm demans ki pi komen e kantite ka nan Eta New York prevwa pou l ogmante de 380,000 pou rive a 460,000 nan 2025. Plis pase mwatye nan pasyan Azaymè New York yo ap viv lakay yo, e 75 pousan ladan yo ap viv avèk yon zanmi oswa manm fanmi kap pran swen yo.

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418